Amelyorasyon Rezilta yo se Yon Bagay Nou Pran Pèsonèlman

Pandan y ap resevwa swen nan sant nou an, pasyan yo kapab fè dyaliz lakay kote tretman yo pi kout epi yo fèt pi souvan pou ede evite fado vwayaj fatigan yo nan yon sant pou pasyan ekstèn. Ekip entèdisiplinè nou an pran anchaj chak aspè nan tretman ou epi li kowòdone avèk ekip dyaliz la pou ede amelyore sante pa mwayen rekòmandasyon alimantè, medikaman ak terapi fizik, okipasyonèl ak lapawòl pou ou jwenn tout avantaj ou ka jwenn nan sejou reyadaptasyon an.



DialyzeDirect™

DIALIZ AVÈK DIYITE



BOULEVARD REHABILITATION CENTER

2839 S. Seacrest Blvd., Boynton Beach, FL 33435

Telefòn: 561.732.2464 | Faks: 561.369.8309

www.BoulevardRehab.com

Diyite ak kalite lavi se pa bagay ki negosyab, Rele Nou Jodi a menm.

Tanpri pran tout avantaj ou kapab jwenn nan sèvis sa a, mande responsab ka a nan lopital k ap trete manm fanmi ou an pou li kontakte sant nou an pou kowòdone admisyon, pase pou fè yon vizit epi rankontre ekip nou an oswa rele pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram emodyaliz lakay nou an.

BOULEVARD REHABILITATION CENTER

Emodyaliz Lakay

Joint Commission Accredited

Chwazi Wout pou Refè a…

Resevwa Dyaliz San Ou Pa kite Sant lan

Sant nou an kreye yon patenarya avèk Dialyze Direct pou ofri tretman emodyaliz lakay avèk asistans pèsonèl la nan Sant Swen Enfimye ak Reyadaptasyon nou an. Avèk itilizasyon ekipman pi avanse NxStage la, tretman yo adapte pou ede pasyan yo jwenn tout avantaj yo kapab jwenn nan tan yo nan sant lan. Gen rechèch ki montre pasyan ki fè dyaliz nan sesyon ki pi kout epi ki fèt pi souvan gen rezilta ki amelyore anpil: ogmantasyon eliminasyon likid, diminisyon tan rekiperasyon, pi bon jesyon anemi, diminisyon tansyon, medikaman ak diminisyon efò sou kè a. Amelyorasyon sa yo amelyore kalite lavi yo epi ede pasyan nou yo itilize pi byen tan ou pase nan sant lan.

Amelyorasyon Rezilta yo se Yon Bagay Nou Pran Pèsonèlman

Pandan y ap resevwa swen nan sant nou an, pasyan yo kapab fè dyaliz lakay kote tretman yo pi kout epi yo fèt pi souvan pou ede evite fado vwayaj fatigan yo nan yon sant pou pasyan ekstèn. Ekip entèdisiplinè nou an pran anchaj chak aspè nan tretman ou epi li kowòdone avèk ekip dyaliz la pou ede amelyore sante pa mwayen rekòmandasyon alimantè, medikaman ak terapi fizik, okipasyonèl ak lapawòl pou ou jwenn tout avantaj ou ka jwenn nan sejou reyadaptasyon an.

Yon Modèl ki Fè Prèv li Dekwa pou Pasyan yo Kapab Viv Avèk Tretman Dyaliz

Nan patenarya avèk Dialyze Direct nou envesti nou nan yon sèl bagay, amelyore kalite lavi pou pasyan nou yo. Priyorite sa a gide tout bagay sou fason nou bay dyaliz la epi nou konsantre nou sou rezilta klinik ak terapi pozitif yo. Modèl emodyaliz san parèy sa a pwodui bon jan kalite rezilta pou pasyan nou yo. Pasyan nou yo pa te chwazi pou yo oblije ap fè dyaliz, men yo kapab chwazi fason pou yo resevwa li, epi sa kapab fè tout diferans lan.

Yon Retou Nan Lavi Dapre Pwòp Kondisyon Pasyan Nou yo

Ou ka reyalize bon jan kalite rezilta yo sèlman grasa modèl tretman emodyaliz lakay ki pi kout, pi dous ak plis adapte. Tretman yo dire anjeneral dezèdtan edmi epi yo ofri yo chak jou oswa senk fwa pa semèn (dapre lòd doktè a), epitou peryòd rekiperasyon yo ka pran trant minit sèlman an konparezon ak dyaliz tradisyonèl yo ki ka gen peryòd rekiperasyon jiska nèf èdtan. Sa pèmèt pasyan nou yo rekipere jiska ven èdtan pa semèn nan tan anplis pou terapi, pase bon jan kalite tan avèk vizit fanmi ak aktivite chak jou yo nan sant nou an.

Avantaj yo Ki Fè Nou Pi Bon Rann Nou Pi Fò

- Elimine tan, estrès ak enèji ki depanse nan fè vwayaj nan Etablisman Tretman Pasyan ekstèn pou dyaliz.
- Pa Gen manje midi nan sache ankò nan Etablisman Pasyan Ekstèn yo.
- Dekouvri diferans ki gen nan pi bon kontwòl tansyon wo ak anemi, mwens fatig, mwens medikaman, mwens restriksyon nan manje ak mwens entène lopital.
- Se pwofesyonèl trè kalifye ki founi tretman yo avèk itilizasyon machin dyaliz apa pou chak pasyan.

Tretman ki Santre Sou Bezwen Pasyan Nou yo

Anpil avantaj ki gen nan resevwa dyaliz chak jou nan Sant nou an ka minimize estrès ki asosye souvan avèk Emodyaliz tradisyonèl ke yo ofri nan yon Etablisman Tretman Pasyan ekstèn Deyò. Patenarya nou avèk ekip Dialyze Direct la egziste pou amelyore kalite lavi pou pasyan nou yo pandan n ap ofri dyaliz nan yon anviwònman byenveyan yo abitye ak li epi ki an sekirite.